



**BANQUE DE LA REPUBLIQUE  
DU BURUNDI  
UMUYOBOZI MUKURU**

**ITANGAZO**

Hisunzwe icegeranyo casohowe, mu kwezi kwa gitugutu umwaka wa 2019, n'Urwego rujejwe gucungera itumatumanako mu Burundi, « ARCT » mu mpfunyampfunyo, cerekeye abantu n'amashirahamwe bakora ibikorwa vyo kurungikiranira amafaranga hagati y'Uburundi n'ibindi bihugu, hakoreshejwe terefone ngendanwa ; kandi nkuko vyibonekeje mw'igenzura ryakozwe muri iyo ntumbero n'Ibanki Nkuru y'Igihugu, haribonekeza abantu canke amashirahamwe bakora urudandazwa rw'amafaranga biciye ku materefone ngendanwa hakoreshejwe imihora mvamakungu idafise uruhusha rwo gukorera mu gihugu c'Uburundi.

Iyo mihora ikora idafise uruhusha rwo gukorera mu gihugu c'Uburundi ni nk'iyi ikurikira : M-pesa y'ishirahamwe SAFARICOM, MTN Mobile Money y'ishirahamwe MTN, Airtel Money y'ishirahamwe AIRTEL na Tigo Cash y'ishirahamwe TIGO.

Twisunze ivyavuye muri iryo ngenzura, Ibanki Nkuru y'Igihugu yashaka kwibutsa ko, hisunzwe ingingo ya 3 y'Itegeko rigenga ubuhinga bwo kwishurana (Services de paiement) n'amashirahamwe yo kwishurana (Etablissements de paiement), ata muntu numwe arekuriwe gutanga ubuhinga bwo kwishurana ku benegihugu atabiherewe uruhusha n'Ibanki Nkuru y'Igihugu.

Kuri izo mvo, abenegihugu bose basabwe kutajana nyabahururu, bakarondera nyabuna kumenya neza ko ibikorwa vyose bijanye n'uguhanahana amafaranga biciye ku materefone ngendanwa biba bikoze n'amashirahamwe yizewe kandi yabiherewe uruhusha n'Ibanki Nkuru y'Igihugu. Urutonde rw'amashirahamwe yemerewe gukora, amabanki hamwe n'amashirahamwe matomato yo kuziganya no kuguranana (institutions de microfinance) n'amashirahamwe yo kwishurana, murusanga ku rubuga ngurukanabumenyi rw'Ibanki Nkuru y'Igihugu, [www.brbi.bi](http://www.brbi.bi).

Vyongeye, Ibanki Nkuru y'Igihugu iratumiriye abajejwe intwari kwama bitwararika kugenzura ko abakora ibikorwa vyo kurungikiranira amafaranga, haba mu Burundi canke mu makungu, bafise uburenganzira busabwa. Hari abarenze kuri izo ngingo, abo bajejwe intwari basabwe guhagarika urwo rudandazwa hanyuma bagatanga icegeranyo mw'Ibanki Nkuru y'Igihugu baciye ku muhora ngurukanabumenyi [brb@brbi.bi](mailto:brb@brbi.bi) canke bagahamara kuri 22 20 40 00.

Bujumbura, igenekerezo rya 18 ruhuhuma 2020

CIZA Jean

Umuyobozi Mukuru wa  
Banki Nkuru y'Igihugu

